



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KOLABORASYON ANT PLIZYÈ AJANS POU KONSYANTIZE SOU SANTE MANTAL POU JÈN YO KI NAN LAJ POU ALE LEKÒL

Biwo Sante Mantal ak Depatman Edikasyon an kreye patenarya ak medya piblik Eta a pou bay edikatè yo resous pou sipòte sante mantal etidyan yo

Yo pibliye [Zouti Milti Media](#) pandan Mwa Prevansyon kont Swisid la; Konplete inisyativ Gouvènè a pou abòde kriz sante mantal lakay jèn yo nan New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon kolaborasyon ant plizyè ajans ak estasyon PBS New York la pou ekipe edikatè prematènèl rive nan klas 12èm ane yo ak resous ak estrateji yo ka konte sou yo pou sipòte byennèt mantal elèv yo. Pwodui pa The WNET Group ak asistans Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) eta a ak Depatman Edikasyon Eta (State Education Department, SED) a, [Sante Mantal Etidyan yo Konte: Yon Bwat Zouti pou Edikatè yo](#) disponib gratis sou entènèt epi li bay plis pase 50 videyo dijital ki adrese sijè espesifik sou sante mantal jèn yo.

"Edikatè New York yo nan tèt efò nou yo pou adrese kriz sante mantal jèn yo nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Patenarya inik sa a ant difizyon piblik ak Eta New York pral ba yo resous ak estrateji yo ka itilize pou ede rezoud pwoblèm sante mantal elèv yo wè ki parèt nan lekòl yo ak nan salklas yo atravè eta nou an."

Lanse an rekonesans ak [Mwa Prevansyon kont Swisid la](#) nan Eta New York ak Jounen Mondyal sou Sante Mantal la nan dat 10 oktòb la, bwat zouti a fèt pou ekipe edikatè yo, anplwaye lekòl yo ak pwofesyonèl sante mantal yo nan lekòl yo ak konesans enpòtan ak estrateji ki nesèsè pou sipòte byennèt mantal elèv pa yo. Bwat zouti a te devlope pa The WNET Group –konpayi inisyas san bi likratif estasyon prensipal New York THIRTEEN lan – ak sipò Biwo Sante Mantal Eta a ak Depatman Edikasyon Eta a, anplis Rezo Sant Transfè Teknoloji Sante Mantal la, Sant Nasyonal pou Sante Mantal Lekòl la, Child Mind Institute, ak lòt estasyon medya piblik yo.

Bwat zouti a konsantre sou senk sijè diferan ke edikatè primè ak segondè yo souvan rankontre lakay elèv yo: prevansyon swisid, estrès ak enkyetid, fè tèt yo mal, eksperyans negatif nan anfans yo, ak medya sosyal. Chak sijè gen ladan videyo kout ki bay pèspektiv ekspè ki soti nan men pwofesyonèl sante mantal, administratè lekòl yo ak

edikatè ki vize pou ede pwofesè yo pi byen konprann defi sa yo; pèspektiv elèv ki revele eksperyans elèv yo viv; ak estrateji ki bay aplikasyon reyèl pou pratik pwofesè yo.

Zouti a disponib gratis pou tout edikatè nan New York atravè PBS LearningMedia, ki ofri edikatè yo aksè ak resous ki soti nan estasyon PBS ak patnè yo. Prèske 70,000 edikatè atravè Eta New York jwenn aksè ak resous sa yo chak mwa pou konplete ansèyman nan salklas la.

Gouvènè Hochul te enkli finansman pou bwat zouti a kòm yon pati nan bidjè ane fiskal 2023 la. Anplis 300,000 yo te prevwa pou devlope resous edikasyon an konsiltasyon ak OMH pou amelyore sante mantal elèv yo atravè swen ki pran an konsiderasyon twomatiz, entèvansyon terapeitik kont kriz ak prevansyon swisid.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Genyen yon koneksyon klè ant abòde pwoblèm sante mantal timoun nou yo jodi a ak amelyore byennèt mantal yo pita nan lavi yo. Lè nou bay edikatè yo resous pou idantifye defi sa yo, nou ka ede yo devlope estrateji pou sipòte elèv yo epi, si sa nesèsè, konekte yo ak lòt asistans sante mantal. Patenarya sa a ant Eta New York ak difizyon piblik konplete efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou adrese sante mantal lakay jèn yo nan Eta New York."

Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare, "Nou dwe travay ansanm pou rann resous sante mantal yo pi fasil disponib epi aksesib pou tout elèv New York yo. Pwoblèm sante mantal yo konekte dirèkteman ak kapasite elèv yo genyen pou yo gen rezistans emosyonèl ak estabilite ki nesèsè pou navige defi aprantisaj ak kwasans pèsonèl yon fason efikas. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul ak an kolaborasyon ak ajans patnè nou yo, nou ka kenbe pwoblèm sa a devan liy lan epi bay edikatè nou yo zouti ki nesèsè pou adrese defi sante mantal elèv nou yo ap konfwonte."

Rektè Konsèy Administrasyon Eta New York la, Lester W. Young, Jr., te deklare, "Edikatè yo jwe yon wòl enpòtan nan sipòte sante mantal elèv ou yo. Yo asire ke lekòl yo ak salklas yo se anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay sipò ki ankouraje byennèt elèv yo. Patenarya sa a ak Bwat zouti gratis sou entènèt la se yon fason inovan pou sipòte sante mantal elèv yo epi ede yo reyisi alafwa anndan ak deyò salklas la."

Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral The WNET Group, Neal Shapiro, te deklare, "Nou rekonèt enpòtans pou ede edikatè yo adrese pwoblèm sante mantal enpòtan elèv nou yo ap rankontre, epi nou kontan travay avèk Gouvènè Hochul, Biwo Sante Mantal ak Depatman Edikasyon Eta a pou devlope resous gratis edikatè yo ka itilize. Bwat zouti konplè nou kreye a bay plis pase 50 resous ki baze sou videyo ak materyèl sipò ki gen ladan dokimantè ak fim nan salklas, diskisyon panèl ak vwa elèv yo. Ansanm ak estasyon medya piblik New York yo atravè eta a, nou pral difize tou yon semèn pwogram espesyal ak repòtaj ki mete aksan sou resous kominote lokal yo pou konsyantize sou sante mantal."

Gouvènè Hochul te fè sante mantal jèn yo vin yon fokus nan administrasyon li an epi li te mete l kòm yon eleman enpòtan nan [plan 1 milya dola istorik](#) li a pou revize sistèm swen sante mantal Eta New York la. Nan Bidjè Ane Fiskal 2024 la ki te adopte an me, li te garanti 30 milyon dola pou devlope sèvis sante mantal pou timoun ki nan laj lekòl nan tout eta a, ki genyen ladan l 20 milyon dola pou sèvis sante mantal ki baze nan lekòl ak 10 milyon dola pou mete anplas sèvis fòmasyon ki apwopriye.

Bidjè a tou fèmen twou vid ki genyen nan kouvèti asirans ki te poze yon baryè pou Nouyòkè yo ki bezwen sèvis swen sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans. Pami plizyè chanjman enpòtan, plan asirans komèsyal yo pral gen obligasyon pou kouvri sèvis yo bay nan klinik sante mantal ki nan lekòl yo.

Gouvènè Hochul te òganize tou yon [Toune Ekout sou Sante Mantal Jèn yo](#) ak premye [Somè sou Sante Mantal Jèn yo](#), ki te rasanble ekspè eta ak nasyonal ansanm ak founisè sèvis yo ak moun ki gen enterè yo pou egzamine defi san parèy anpil jèn ap fè fas jodi a. Pami rekòmandasyon ki soti nan toune a ak nan somè a se te investi nan resous ki baze sou kominote yo pou pwomosyon byennèt mantal ak ogmante resous sante mantal gratis oswa nan pri ki ba.

Nan kòmansman ane sa a, Sant Ameriken pou Kontwòl Maladi (CDC) a te soti [Sondaj sou Konpòtman Risk Jèn](#) li a, ki te jwenn tandans sante mantal ki alaman pami jèn ki nan laj pou lekòl ant 2011 ak 2021 yo - espesyalman pami ti fi adolesan yo. Apeprè yon tyè ti fi adolesan yo te konsidere komèt swisid seryezman an 2021, yon ogmantasyon 19 pousan pa rapò ak deseni anvan an; apeprè twa sou senk te santi yo tris oswa san espwa san rete an 2021; ki se de fwa pousantaj ti gason adolesan yo epi ki reprezante apeprè yon ogmantasyon 60 pousan pa rapò ak pousantaj yo te anrejistre an 2011.

Rapò a te jwenn tou ke jèn ki soti nan popilasyon majinalize up gen plis chans pou soufri de pwoblèm sante mantal: Plis pase mwatye elèb LGBTQ yo te ekspriye yo gen sante mantal ki fèb, avèk youn sou senk ki rapòte yo te eseye komèt swisid nan ane ki pase a. Tantativ swisid yo te ogmante tou pam jèn Nwa yo pa rapò ak jèn Blan yo, dapre rapò a.

Enfòmasyon sou The WNET Group

[The WNET Group](#) kreye kontni medya ki enspiran ak eksperyans ki gen anpil sans pou divès odyans nan tout peyi a. Li se kay [THIRTEEN](#) New York ki sipòte pa kominote a – pi gwo estasyon PBS Etazini an – [WLIW21](#), THIRTEEN PBSKids, WLIW World and Create; [NJ PBS](#), rezo televizyon piblik nan tout eta New Jersey; Sèl estasyon NPR WLIW-FM nan Long Island; [ALL ARTS](#), founisè medya atistik ak kiltirèl; sal nouvell [NJ Spotlight News](#); ak chèn FAST PBS Nature. Atravè chèn ak platfòm difizyon sa yo, The WNET Group la pote atizay, kilti, edikasyon, nouvell, dokimantè, amizman ak pwogram DIY bay plis pase 5 milyon telespektatè chak mwa.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)